**Name- Prakash Singh Badal**

**Video Filename- dubbed_into_bhojpuri**

**Contact- +91-9819727816**

**Email id- aprakash@iitb.ac.in**

## स्पोकेन ट्युटोरियल के अनुवाद

राम-राम दोस्त लोगीन! CDEEP, IIT Bombay के तरफ से हम इ स्पोकेन अभ्यासिका में राउर स्वागत करतानी. इ अभ्यासिका रउआ के धीरे-धीरे एगो बोलल गईल अभ्यासिका चाहे छोट फिल्म के एक भाषा से दुसरभाषा में बदले के तरीका सिखाई. रउआ बस एगो headset, जौना में सुनेवाला input होखे, चाहे खाली microphone और कंप्यूटर से जुड़े वाला speaker चाही.

Windows Movie Maker, माइक्रोसॉफ्ट विन्डोज़ के एगो हिसा हटे. इ एगो विडियो बदले वाला सॉफ्टवेर हटे, जौन की विन्डोज़ के नया रूप - Me, XP, औरी vista में बाटे. अगर इ राउर कंप्यूटर पर नइखे त मुफ्त में www.microsoft.com/downloads से डाउनलोड कर सकीना.

Windows Movie Maker के icon पर ओकरा के चलावे खातीर माउस के दू बार दबाई. एकरा से खाली फिल्म प्रोजेक्ट, राउर screen पर खुल जाई. बाएँ तरफ रउआ मूवी task panel देख सकीना. एकरा में ढेर विकल्प बा. पहीला विकल्प बा- capture video. इ विकल्प में रउआ Import Video के उप-विकल्प के रूप में देख सकीना. एकरा पर क्लिक करी. एकरा से विडियो लावे वाला एगो बक्सा खुल जाई. ओह जगह पर जाई, जहवा file_to_be_dubbed.wmv बाटे. हम फाइल चुन के Import पर क्लिक कर देहेम.

अब Movie Maker में इ फाइल आवता. अब collection panel में विडियो लउकी. अगर विडियो ढेर बड़ होई, त Movie Maker अपने आप एकरा के क्लिप में बाँट लीही. Ctrl+A से सब के चुन लीही. अब फिल्म पर माउस के दाहिना बटन दबाई औरी “Add to Timeline” विकल्प चुनी. विडियो फिल्म एइजा समयरेखा पर जुट जाई . विडियो के आगे जोड़ के चिन्ह पर माउस दबाई. रउआ ऑडियो समयरेखा देख सकीना. एगो क्लिप पर माउस दबा के ओकरा के चुन लीही. अब दाहिना बटन दबा के Select All विकल्प चुनी. सब ऑडियो क्लिप चुना जाई. अब मेन मेनू में जाई. Clips पर दबाई, फिर audio पर, आ फिर Mute पर. अब विडियो बिना आवाज़ के बाटे. विडियो के सामने घटाव के चिन्ह पर माउस दबाई.

Frame head पर ध्यान दीही, जवन समयरेखा के वर्तमान स्थिति देखावाता. अपना आप से frame head समयरेखा के शुरू में रही.

आगे, मेन मेनू में Tools पर क्लिक करी औरी Narrate Timeline विकल्प चुनी, इ रउआ के Narrate Timeline वाला स्क्रीन पर ले जाई. सबसे पहिले रउआ बोले खातीर एगो Input Level चुने के पड़ी. जब इ लेवल के चुनल जाला, तब मीटर के ऊपर के ओर के लेवल, लाल रंग के एरिया में जईले बिना चुनी, जवन की ऊपर से दूसरा लाइन हटे. अगर इ लेवल बहुत कम रही, त विडियो के आवाज़ ना सुनाई. ओकरा उल्टा, अगर इ लेवल बहुत ज्यादा रही, त आवाज़ बहुत तेज औरी बिगड़ल सुनाई.

अब आपन कंप्यूटर में ऑडियो बोली के रिकॉर्डिंग शुरू करे खातीर Start Narration पर क्लिक करी. Microphone में सामान्य तरीका से बोली. हम रउआ के एगो उदहारण देखावतानी. हम Input लेवेल के हई चिन्ह पर, औरी frame head के हई जगह पर ले जातानी, कहे की एइजे से असली विडियो में हमार बोली शुरू होई. अब हम Start Narration पर क्लिक करेम. "दोस्तों, CDEEP, IIT Bombay की तरफ से, मैं इस ट्युटोरियल में आपका स्वागत करता हूँ. ये ट्युटोरियल Cam-Studio की अभ्यास करने में आपकी मदद करेगी."

हम stop narration बटन दबा के बोली रिकॉर्डिंग रोक देहेम. रउआ कौनो समय पर बोलल रोक सकीना. Movie Maker रउआ से इ बोली के ऑडियो फाइल के रूप में राउर कंप्यूटर पर सुरक्षीत करे खातीर पूछी. एगो Dialogue बक्सा खुली, जहवा रउआ से फाइल के नाम और जगह, जहवा रउआ सुरक्षीत करल चाहतानी, भरवावाल जाई. हम इ फोल्डर चुन के हई नाम दे देनी. Save पर क्लिक करी.

जब रउआ एक बार ऑडियो फाइल के सुरक्षीत कर लेहेम, रउआ आपन रिकॉर्ड कईल ऑडियो फाइल के ऑडियो समयरेखा में देख सकीना. रउआ इ विकल्प पर माउस दबा के औरी घसका के एने-ओने कर सकीना.

अब हमनी के आपन पूरा काम के प्रोजेक्ट के रूप में सुरक्षीत करे के बारे में बात कईल जाई. प्रोजेक्ट के सुरक्षीत कईल, रउआ के डबिंग ओइजे से शुरू करे के मौका देही, जहाँ रउआ छोडले रही. Ctrl+S दबाई. पहीला बार कइला पर एगो फाइल नाम पूछल जाई. हम एकरा के Dubbed_into_Hindi फाइल के नाम से सुरक्षीत करतानी. Save पर माउस दबाई. आगे के Ctrl+S से अपने आप इहे प्रोजेक्ट फाइल में सुरक्षीत हो जाई.

रउआ प्रोजेक्ट फाइल सुरक्षीत करके Movie Maker बंद कर सकीना और डबिंग के बाद में अपना सुविधा के हिसाब से कबो ओइजे से शुरू कर सकीना. बस file पर माउस दबाई, ओइजा से Open Project पर माउस दबाई,

आ फिर, जवन फाइल चुने के बा, ओकरा के चुनी. इ बात के ध्यान रखी की frame head ओही जगह बा, जहाँ से रउआ शुरू करल चाहतानी . आ फिर एक बार पहीले जईसन डबिंग शुरू करी. डबिंग के दौरान अक्सर आपन प्रोजेक्ट के सुरक्षीत करत रही.

जब एक बार पूरा ट्युटोरियल के बोलल पूरा हो जाई, रउआ एगो फिल्म बनावे के चाही. ओकरा खातीर मूवी task panel में जाई. Finish Movie में जाई. पहीला विकल्प Save to My Computer  पर माउस दबाई.

इ मूवी सुरक्षीत करे वाला बक्सा के खोली.  आपन रिकॉर्ड कईल फिल्म के नाम दीही, औरी जगह के वर्णन करी. हम एकर नाम Hindi_dub_file  दे तानी.  Next बटन दबाई.  एइजा रउआ output file के गुण चुन सकीना.

एकरा के हम विस्तार में बतायेम. "Best Quality for Play Back on My Computer" चुने से बढ़िया क्वालिटी के विडियो, लेकिन  बड़  फाइल आकार के साथ सुरक्षीत हो जाई. "Best fit to File size" से तनी-सी कम अच्छा क्वालिटी के विडियो बनी, लेकिन ओकर आकार छोट रही. "Other Settings" चुने पर, सुरक्षीत करे के बाकी उपलब्ध विकल्प लउकी, जेकरा में तैयार भईल विडियो सुरक्षीत कईल जा सकेला.

रउआ कइसे देखे के बा, औरी कहवा भेजे के बा, इ बात पर निर्भर करते हु ए आपना खातीर उपयुक्त विडियो के क्वालिटी चुनीं. हम "Best fit to File size"  औरी 30 MB  चुनतानी. देखे वाला आकार 640*480 pixels के रही औरी फ्रेम रेट 30 frames हर सेकंड रही. चुकी, डब करे वाला फाइल के इहे आकार रही , और हम आपन डब कईल फाइल के इहे आकार चाहतानी, हम इ विकल्प चुनेम. अगर एकर ज़रूरत नइखे त रउआ  30  MB  से छोट संख्या जैसे -25 MB  चुन सकीना. ध्यान दीही की "view Dimension" घट गईल बा. हम वापस जाएम औरी एकरा के 30 MB  कर के आएम.  अब  Next  पर माउस दबा देहेम. फिल्म कंप्यूटर में सुरक्षीत हो जाई.

Finish  पर माउस दबाई औरी Movie Maker से बाहर आ जाई.

एह तरीका से इ सब करके, रउआ कौनो स्पोकेन ट्युटोरियल चाहे फिल्म के सरल तरीका से डब कईल अनुवाद तैयार कर सकीना. हम  उम्मीद करतानी की रउआ  खातीर  इ जानकारी मददगार साबित होई. हम प्रकाश CDEEP, IIT Bombay से बिदा ले तानी. देखे खातीर धन्यवाद.